



Pou Piblikasyon Imedya: 18/12/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANKOURAJE MOUN PRAN PEKOSYON PANDAN KÈK RAFAL NÈJ AK TANPERATI GLASYAL YO AP APWOCHÈ SOU NEW YORK

Yo Ankouraje Chofè yo pou yo Vwayaje Avèk Anpil Prekosyon Pandan ke Rafal Nèj yo Kapab Lakòz Kondisyon Vwal Blanch ak Vizibilite Redwi

Ajans Eta yo Rete tou Pare pou Ede Patnè Lokal yo Avèk Operasyon Repons yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te egzòte moun New York yo jodi a pou yo prepare pou rafal nèj ki ka koze kondisyon vwal blanch ak tanperati glasyal pliske yon gwo van frèt atik ap avanse kounye a atravè eta a. Kounye a van frèt la ap koze yon kantite rafal nèj nan tout eta epi ki pral rann tanperati a bese pi ba ke nan nivo li fè glas nan Mèkredi swa pou rive nan Jedi. Ajans eta yo rete an alèt e yo prepare pou ede kominote yo ak operasyon repons lan si van oswa glas ta koze domaj. Nouyòkè yo ta dwe prete atansyon a rapò meteyo lokal yo pandan tout jou k'ap vini yo ak chofè yo ta dwe tou vwayaje ak anpil pridans, pliske kèk rafal nèj pral gen enpak sou vizibilite ak van detravè ka fè li difisil pou kondwi, espesyalman pou machin ki gen pwofil wo yo.

"Rafal nèj sa gen potansyèl pou koze kondisyon vwal blanch ak fè vwayaje aswè trè danjere", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen konseye Nouyòkè yo pou yo ralanti, itilize plis prekosyon, epi pa rete sou wout yo si tout fwa sa posib. Si ou dwe kondwi, asire w ke ou raze w akote lè ou wè yon veyikil chasnèj oswa veyikil eta ap netwaye wout yo."

Gen posibilite pou gen rafal nèj ki rete nan Mèkredi swa ak nan Jedi maten. Tanperati yo pral varye soti nan chif negatif inik rive depase dizèn. Valè van frèt yo pral jeneralman ant 0 ak -10 degre, ak valè van frèt ki desann ba jiska -12 degre nan Mohawk Valley a, ak jiska -29 degre nan Rejyon North Country a. Rafal van nan tout eta a kapab rive jiska 64 kilomèt alè.

Sèvis Meteyo Nasyonal la pibliye yon kantite alèt, avètisman ak konsèy pou rafal nèj ak move tan ivè. Pou wè yo oswa pou jwenn plis enfòmasyon, Vizite Sèvis Meteyo Nasyonal la [nan sit entènèt sa](#).

Preparasyon Ajans

Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT)

Depatman Transpò Eta ap entèveni nan plizyè rejyon e gen 3,671 sipèvizè ak operatè disponib nan tout eta a.

Kantite ekipman ki genyen nan tout eta a repati konsa:

- 1599 Gwo Kamyon Chasnèj
- 183 Chasnèj Mwayen
- 52 Remòk Chasnèj
- 328 Gwo Chajè
- 39 Aparèy pou Soufle Nèj
- 75 Kamyon Dechiktez
- 38 Kamyon Siyal Sikilasyon
- 15 Kamyon Nasèl Pou Ekip Pou Netwaye Pye Bwa Yo

Otorite Thruway (Thruway Authority)

Otorite Thruway a gen plis pase 688 sipèvizè ak operatè ki prè pou deplwaye 245 gwo chas nèj, 107 chas nèj mwayen ak 11 charyo remòkè ak 60 chajè toupatou atravè eta a ak plis pase 115,000 tòn sèl pou wout yo ki disponib sou plas. Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab (Variable Message Signs), Anons Radyo sou Otowout la (Highway Advisory Radio) ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan pandan yo sou otowout Thruway yo.

Divizyon Polis Eta a (Division of State Police)

Lapolis Eta New York (New York State Police) bay tout Polisye Eta yo enstriksyon pou yo rete vijilan epi siveye kondisyon yo de pre pou si ta gen nenpòt ki pwoblèm. Lapolis Eta a pral pare pou deplwaye anplwaye anplis nan zòn ki afekte yo jan sa nesesè. Tout veyikil patwouy kat pa kat yo an sèvis epi tout veyikil espesyalite yo, ki gen ladan yo motonèj ak veyikil itilite yo, deja an pozisyon epi yo pare pou deplwaman.

Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC)

Ofisye Lapolis Pwoteksyon Anviwònman DEC yo, Gad Forè yo, anplwaye Jesyon Dijans yo, ak anplwaye rejyonal yo nan eta dalèt epi yo ap siveye sitiyasyon ki ap devlope a epi yo aktivman ap fè patwouy nan zòn ak enfrastrikti ki gen anpil chans pou yo sibi dega poutèt move tan. Tout resous ki disponib yo, ki gen ladan motonèj yo, ak veyikil sèvis piblik yo, nan pozisyon pou yo ede nan nenpòt entèvansyon dijans.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)

Polis Pak Eta New York (New York State Park Police) ak anplwaye yo nan pak la ret nan eta dalèt epi y ap suiv de prè kondisyon meteyowoljik yo ak konsekans yo. Vizitè pak yo dwe gade <https://parks.ny.gov> oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyònman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo.

Otorite Thruway la ap ankouraje otomobilis tou pou yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li an ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo kapab enskri tou pou imèl [TRANSalert](#) k ap bay dènye kondisyon sikilasyon yo sou Thruway la [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)